



## Men Pròp Sove Lavi: Sitiyasyon Ijans

Haitian Creole translation of "Clean Hands Save Lives: Emergency Situations"  
(<http://www.bt.cdc.gov/disasters/handhygienefacts.asp>)

Apre yon ijans, li ka difisil pou jwenn dlo tiyo. Men tou, lè w kite men w pwòp, sa ede w pa trape maladi. Li pi bon pou lave men ou avèk savon ak dlo pwòp pandan 20 segonn. Men tou, lè pa gen dlo, ou ka itilize pwodwi men abaz alkòl ki fèt pou lave men (dezenfektan).

### Kilè ou ta dwe lave men ou?

- Anvan w prepare manje oswa anvan w manje
- Apre w sòti nan twalèt
- Apre w fin chanje kouch oswa apre w fin netwaye yon timoun ki te ale nan twalèt
- Anvan ak apre w fin pran swen yon moun ki malad
- Apre w fin manyen manje kri, sitou vyann kri, vyann bêt volay kri oswa pwason kri
- Apre w fin mouche nen ou, apre w fin touse, oswa apre w fin estyène
- Apre fin manyen yon bêt oswa dechè yon bêt
- Apre w fin manyen fatra
- Anvan ak apre w fin trete yon blesi oswa yon maleng

### Itilizasyon dezenfektan men abaz alkòl

Lè w remake men ou sal, ou ta dwe lave avèk savon ak dlo lè genyen. Men tou, si pa gen savon ak dlo, itilize dezenfektan men abaz alkòl.

- Pase pwodwi a nan yon plamen.
- Fwote men yo ansanm.
- Fwote pwodwi a sou tout sifas men ak dwèt yo jous men ou vin sèk.

Remak: volim ki nesesè pou diminye mikwòb sou men ou depannde kalite pwodwi a.

### Lavaj avèk dlo ak savon

1. Mete men ou ansanm anba dlo a (dlo tyèd si sa posib).
2. Fwote men yo ansanm pandan omwen 15-20 segonn (avèk savon si sa posib). Lave tout sifas yo byen, avèk tou ponyèt, plamen, do men, dwèt yo, ak anba zong yo.
3. Netwaye salte ki anba zong ou yo.
4. Rense savon ki nan men ou.
5. Seche men ou nèt avèk yon sèvyèt pwòp si sa posib (sa ap ede retire mikwòb yo). Men tou, si pa gen sèvyèt, ou ka seche men ou yo nan lè.
6. Bay po ou ti tap alaplas fwotman pou pa kite li chofe ak fann.
7. Si w itilize yon sèvyèt pou jete apre, lage li nan poubèl.

**Sonje :** Si pa gen savon ak dlo, itilize dezenfektan men abaz alkòl.

For more information, visit [www.bt.cdc.gov/disasters](http://www.bt.cdc.gov/disasters),  
or call CDC at 800-CDC-INFO (English and Spanish) or 888-232-6348 (TTY).